



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI ENTÈDI KÒPORASYON MINISIPAL YO VANN OSWA AFICHE SENBÒL RAYISANS

*Lejislasyon (S.4615-A/A.5402-A) entèdi distri ponpye, depatman ponpye volontè, depatman lapolis ak distri lekòl yo vann oswa afiche senbòl rayisans*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.4615-A/A.5402-A) ki amande lwa minisipal jeneral yo pou entèdi nenpòt kòporasyon minisipal tankou distri ponpye, depatman ponpye volontè, depatman lapolis ak distri lekòl yo vann oswa afiche senbòl rayisans.

"Ogmantasyon resan ak degoutan nan konpòtman rasis, omofòb ak rayisans yo p ap janm tolere nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sembòl rayisans pa gen okenn itilizasyon apa pwopaje inyorans ak ensite vyolans. Kòm Nouyòkè, nou dwe rete ini ak batay aktivman pou elimine atitud sa yo, epi lejislasyon sa a ranfòse efò sa yo. Pa gen okenn rezon pou yon senbòl rayisans janm afiche, ankò mwens pa yon depatman lapolis oswa ponpye ki chaje pou pwoteje kominote yo a. Avèk nouvo lwa sa a ki siyen, non sèlman n ap elimine konpòtman deplorab sa a men tou asire ke chak Nouyòkè, kèlkeswa orijin oswa idantite li, santi li byenvini nan kominote li a".

Lejislasyon sa a te entwodui apre de aksidan sou Long Island ane pase - youn kote yon drapo konfedere te afiche sou yon kamyon ponpye pandan yon defile, ak de, lè yo te dekouvri ke yon depatman ponpye nan Konte Nassau te gen yon drapo konfedere ki afiche nan fenèt li. Lwa a itilize modèl ak pwolonje lejislasyon similè ki te siyen an 2020 ki te entèdi afiche senbòl rayisans oswa nenpòt imaj similè sou pwopriyete eta a. Tèm 'senbòl' la gen ladan, men pa limite ak, senbòl sipremasi Blan, ideyoloji neo-nazi oswa drapo batay konfedere.

**Senatè Anna Kaplan te deklare**, "Avèk rayisans k ap ogmante nan monn lan epi nan pwòp kominote nou, li pi ijan ke jamè pou nou pran mezi pou elimine li nenpòt kote nou jwenn li. Nou ta ka panse se te yon bagay ki fè sans ke byen kontribiyab yo posede pa ta kapab itilize kòm yon platfòm pou rayisans, men, nan sipriz nou, pa te gen okenn lwa nan liv yo ki te di sa--jiskaprezan. Pwopriyete piblik yo apateni ak nou tout, epi mezi sa a enpòtan pou asire pwopriyete piblik nou an pa itilize pou ankouraje rayisans. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen mezi sa a ak pou lidèchip li pou asire rayisans pa gen okenn plas nan Eta nou an. Mwen rekonesan tou pou

patenarya mwen avèk Manm Asanble Michaelle Solages sou mezi sa a ak lòt yo pou pèmèt kominote nou an rete an sekirite kont rayisans".

**Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare,** "Nan moman gwo polarizasyon sa a, antite piblik yo dwe kenbe netralite yo ak asire espas travay yo pa melanje nan politik pou aplwaye minisipal ak kontribiyab yo. Eta nou an se kay youn nan popilasyon ki pi divès nan monn lan epi okenn Nouyòkè pa ta dwe gen pou entèraji avèk senbòl rayisans lè y ap angaje avèk ajans gouvènman lokal yo. Mwen fyè pou m travay ansanm avèk Senatè Anna Kaplan sou mezi bon gouvènman sa a, epi mwen rekonesan dèske Gouvènè Hochul siyen pwojè lwa nou an".

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418